



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE NOUVO DONE SOU SEZI ZAM AK KRIM KI MONTRE PWOGRÈ NAN KONBAT EPIDEMI VYOLANS AK ZAM LAN**

*Lapolis Eta a te sezi 662 zam an 2022, sa ki reprezante yon ogmantasyon 98 pousan pa rapò ak menm peryòd la an 2021*

*Sezi zam fantom yo te ogmante 38 pousan pa rapò ak menm peryòd la an 2021*

*Lapolis Eta a te mennen 346 ankèt sou rechèch zam an 2022, sa ki te lakòz 70 pis ankèt atravè 22 eta*

*Efò konsiderab yo kowenside ak premye bès nan vyolans ak zam nan Vil New York nan plis pase de ane, ensidan fiziyad yo te bese 12 pousan nan Vil New York pa rapò ak ane pase*

*Ensidan fiziyad yo bese apeprè 7 pousan nan 20 jiridiksyon k ap patisipe nan Inisyativ Eliminasyon Vyolans Ki Enplike Zam (GIVE) nan Eta a*

*Gouvènè Hochul kontinye travay nan tèt kole ak lejislati a sou nouvo règleman an repons ak desizyon Tribinal Siprèm lan sou pò zam kache; Sesyon ekstraòdinè a fikse pou jedi*

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a nouvo done sou sezi zam, ankèt sou rechèch zam, epi krim ki gen rapò ak zam ki endike gwo efò Eta New York ak investisman estratejik pou konbat epidemi vyolans ak zam yo kòmanse montre siy pwogrè. Done yo gen ladan yon gwo ogmantasyon chak ane nan sezi zam ak zam fantom Lapolis Eta a—ki kowenside ak kreyasyon Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal (Interstate Task Force on Illegal Guns) la. Gouvènè a te mete aksan tou sou premye bès remakab nan krim ak zam vil New York nan plis pase de ane—avèk yon rediksyon 12 pousan nan ensidan fiziyad pandan ane pase a. Andeyò vil New York, 20 jiridiksyon k ap patisipe nan inisyativ Eta a sou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (State's Gun Involved Violence Elimination, GIVE) te fè eksperyans yon bès prèske sèt pousan nan ensidan fiziyad yo pa rapò ak ane pase.

"Avèk gwo investisman eta nan pwogram prevansyon vyolans ak zam yo ak kolaborasyon san parèy ant ajans ki fè aplike lalwa yo, nou kòmanse wè pwogrè

enpòtan nan gwo efò nou pou elimine vyolans ak zam nan kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "N ap ogmante efò nou yo yon fason agresif pou retire zam ki ka touye moun—ki gen ladan zam fantom yo—nan lari nou yo, epi nou te devlope plizyè santèn pis ankèt nan 22 eta—travay ki te lakòz premye bès remakab nan vyolans ak zam nan plis pase de ane. Pandan ke se yon pwogrè moun pa ka refize, travay nou apèn kòmanse. Nan kad desizyon ensousyan Tribinal Siprèm lan pou anile dispozisyon 'bon kòz' lwa sou pò zam kache nan New York, m ap konvoke yon sesyon ekstraòdinè nan lejislati a demen, kote nou pral adopte nouvo règleman ki kontwole avèk anpil atansyon aksè nan pèmi pou pò zam kache nan limit desizyon an. Ekip mwen an te travay avèk lejislati a 24 sou 24 pou ka fè bagay yo kòrèkteman. Nou p ap sispann pwoteje Nouyòkè yo pou anyen".

"Mwen mete ansanm ak Gouvènè Hochul pou mande lwa sou zam ki bon sans ak legalman dirab ki pral kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Gwoup Tavay Ant Eta sou Zam llegal yo ap fè gwo pwogrè men gen plis travay ki toujou dwe fèt pou asire zam yo pa tonbe nan move men, epi avèk reyinyon Lejislati a semèn sa, nou espere byento n ap gen lwa sanse sou pò zam kache yo anplas pou ede pwoteje Nouyòkè yo nan transpò piblik ak biznis yo".

Gouvènè Hochul te mete aksan sou pwèn esansyèl sa yo pandan yon konferans laprès apre yon reyinyon Gwoup Travay Ant Eta sou Zam llegal yo nan Sant Ransèyman Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) la nan Lès Greenbush. Reyinyon an te gen ladan reprezantan lapolis ki soti nan Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, New Jersey, Pennsylvania, Vermont, Quebec ansanm ak Biwo Alkòl, Tabak, Zam A Fe ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms, and Explosives, ATF) ak Depatman Lapolis Vil New York. Pwèn esansyèl yo gen ladan:

- Ant janvyè ak jen, Lapolis Eta te sezi 662 zam. Sa reprezante yon ogmantasyon 98 pousan nan menm peryòd la ane pase.
- Sezi zam eta ki pa nan Vil New York (Lapolis Eta + lòt jiridiksyon ki pa Vil New York) nan jiska 94 pousan pa rapò ak 2020 epi 40 pousan pa rapò ak 2021.
- Depi kòmansman ane a jiskaprezan, Lapolis Eta a te mennen 346 ankèt sou rechèch zam. Apati ka sa yo, yo te voye 70 pis ankèt bay 22 eta. Ka sa yo se ankèt sou rezidan eta sa yo ke yo te arete nan New York paske yo te posede ak trafike ilegalman zam a fe.
- Sezi zam fantom yo ogmante 1800 pousan depi 2018, 212 pousan depi 2020, ak 38 pousan lè yo konpare ak menm peryòd ane pase a. Lapolis nan tout eta a te sezi 360 zam fantom depi kòmansman ane a jiskaprezan. Lapolis Eta a te sezi 65 zam an 2022, kat fwa plis sa yo te sezi nan tout ane 2021 an.

Done yo te devwale pandan anons jodi a montre ke pi bon kolaborasyon ant vil yo, eta yo, ak patnè federal yo ap kòmanse pote rezilta, sitou nan Vil New York, ki te wè premye bès enpòtan nan vyolans ki gen rapò ak zam depi me 2020. Lapolis Eta a ak DOCCS ap travay nan tèt kole ak NYPD ak lòt patnè atravè Patenarya Estratejik sou

Vyolans ak Zam (Gun Violence Strategic Partnership, GVSP) lan epi pa rapò ak ane pase, اساسina nan Vil New York yo te bese 13 pousan epi ensidan fiziyad yo te diminye nan 12 pousan.

Ajans lokal ki fè aplike lalwa yo ap fè pwogrè remakab tou andeyò Vil New York. Inisyativ GIVE la —ke Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la administre—founi finansman eta a bay ajans lokal ki fè aplike lalwa yo pou ekipman anplwaye, fòmasyon ak asistans teknik. GIVE sipòte 20 depatman nan 17 konte ki reprezante plis pase 80 pousan krim vyolan nan eta a andeyò Vil New York. Pa rapò ak ane pase, ensidan fiziyad yo ki enplike blesi bese nan apeprè 6 pousan epi kantite viktim fiziyad yo bese nan apeprè 7 pousan nan jiridiksyon GIVE yo. Rediksyon ane sa a nan vyolans ak zam vini apre gwo ogmantasyon nan jiridiksyon sa yo an 2020 ak 2021, ki gen ladan yon ogmantasyon 75 pousan nan fiziyad ki enplike blesi soti 2019 rive 2020. Nan travay ak lejislati a, Gouvènè Hochul te sekirize 18.2 milyon dola nan finansman pou GIVE nan [Bidiè Eta Ane Fiskal 2023 a](#) — [pi gwo investisman Eta a](#) nan pwogram nan depi kreyasyon li an 2014.

**Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Gras a lidèchip Gouvènè a ak sipò kontinyèl Lapolis Eta a, nou kontinye travay ak ajans ki fè aplike lalwa yo nan tout nivo gouvènman nan Eta New York, alantou nòdès la, ak nan Kanada, pou ralanti vag zam ilegal ki jwenn wout yo antre nan kominote nou yo. Manm nou yo konsantre epi angaje yo nan diminye vyolans ak zam, epi nou ankouraje nou avèk pwogrè nou te fè nan dènye mwa yo".

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare,** "De ane ki sot pase yo te trè difisil pou patnè GIVE nou yo ak kominote yo sèvi yo. Yo te wè dirèkteman dega vyolans ak zam yo te lakòz men yo konnen tou ke estrateji ki baze sou prèv ki aplike atravè GIVE yo efikas nan diminye fiziyad yo epi sove lavi. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò ak investisman li nan inisyativ sa a epi felisite patnè lapolis nou yo pou travay yo fè chak jou pou sèvi ak pwoteje konpatryòt Nouyòkè yo".

Gouvènè Hochul te anonse jodi a li pral konvoke yon sesyon ekstraòdinè Lejislati a nan jedi 30 jen pou adopte nouvo lejislasyon sou sekirite zam an repons a desizyon Tribinal Siprèm Etazini an nan *NYSRPA v. Bruen*. Desizyon an te anile yon presedan legal 100 ane ki te egzije moun yo demontre "bon kòz" pou yo jwenn yon lisans pou yo pote yon zam a fe kache. Kòm repons, administrasyon an kontinye travay nan tèt kole ak lejislati a pou elabore nouvo règleman ki pral reglemante yon fason rijid epi ak atansyon aksè nan pèmi pou pote zam kache pandan y ap rete nan limit lalwa a.

Byenke desizyon Tribinal Siprèm lan gen enplikasyon alontèm, li pa gen okenn enpak imedya sou lisans oswa pèmi zam a fe. Sa vle di moun pa ka pote imedyatman yon zam a fe ki kache legalman san yo pa jwenn pèmi oswa lisans ki obligatwa nan moman an. Pou kounye a, pwosesis aplikasyon an pou jwenn yon lisans oswa pèmi pa chanje. Moun ki vle chanje estati pèmi yo pou yo jwenn yon pèmi pou "pote zam san restriksyon" dwe ranpli yon aplikasyon nan otorite lokal yo ki bay lisans ke yo dezien. Pwopriyete zam yo dwe kontinye suiv restriksyon aktyèl yo.

Anons jodi a apiye sou angajman Gouvènè Hochul kontinye pran pou l atake yon fason agresif epidemi vyolans ak zam nan Eta New York. Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè a te siyen yon pake lejislatif enpòtan pou ranfòse imedyatman lwa sou zam eta a epi fèmen brèch kritik ke tirè nan Buffalo ak Uvalde yo te revele. Pake dis pwojè lwa a entèdi lavant fizi semi-otomatik bay nenpòt moun ki poko gen 21 ane nan egzije yon lisans, mete restriksyon sou acha jilè pa bal pou nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon ki kalifye, epi ranfòse Lwa Drapo Wouj la.

Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a gen ladan 227 milyon dola pou finanse inisyativ odasye ki pral ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam lapolis ak òganizasyon kominotè yo. Sa gen ladan 13.1 milyon dola pou agrandi itilizasyon Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units) yo, 18 milyon dola nan sipò dirèk bay lapolis lokal yo pou prevansyon vyolans ak zam, 20 milyon dola pou reponn ak bezwen rejyonal apre vyolans ak zam yo, ak 3 milyon dola pou Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)